



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI ENTÈDI AJANS ETA YO
KESYONE SOU ESTATI IMIGRASYON MOUN**

Dekrè Egzekitif la Disponib [La-a](#)

Dekrè ap Pwoteje Imigran nan New York yo kont Lakrent ak Intimidasyon

***Mezi sa Entèdi Ofisye Fòs Lapolis la yo Kesyon sou Oswa Divilge Estati
Imigrasyon yon Moun Tou sof si y ap fè yon Ankèt sou Aktivite Kriminèl***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 170 la ki entèdi ajans ak ofisye eta a yo kesyon sou oswa divilge estati imigrasyon yon moun sof si lalwa egzije sa a oswa li nesèsè pou yo detèmine elijibilite moun sa pou yo resevwa sèvis oswa asistans. Yo pral entèdi ofisye fòs lapolis la yo kesyon sou estati imigrasyon yon moun tou sof si y ap fè yon ankèt sou aktivite kriminèl. Entèdiksyon kont kesyonman sou estati sa a gen ladan, men pa sèlman, lè yon moun apwoche yon ofisye fòs lapolis pou l mande èd, epi moun sa se viktim yon krim, oswa li te temwen yon krim.

“Pandan Washington ap fè chimay pou yo revoke politik imigrasyon sansib ki anplas yo, nou ap pran mezi pou nou pwoteje tout Nouyòkè kont gouvènman kap sible yo san jistifikasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York te vin rive Empire State la gras a kontribisyon imigran ki soti nan kat kwen mond lan yo epi nou pa pral kite politik lakrent ak entimidasyon divize nou.”

Dekrè Egzekitif la ap ajoute sou angajman Gouvènè Cuomo pran pou l asire tout imigran New York la yo gen tout pwoteksyon yo bezwen. An Mas la, Gouvènè Cuomo te lanse Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project), ki se tout premye inisyativ defans legal piblik-prive pou imigran nan nasyon an, pou reponn a ogmantasyon nan demand pou èd k ap akable òganizasyon san bi likratif k ap sèvi imigran yo. Patenarya a sipòte pa plis pase 10 milyon dola finansman pou bay asistans legal ak reprezantasyon pou imigran yo nan New York, kèlkeswa kondisyon yo, atravè yon rezo avoka ak òganizasyon defans atravè eta a.

Pwoteje Imigran New York yo

Eta New York te sèvi epi li kontinye ap sèvi kòm yon flanbo espwa pou imigran yo. Pandan senk ane ki sot pase yo, Eta New York la, atravè Biwo pou Nouvo Ameriken yo (Office for New Americans, ONA), te ede imigran yo patisipe plènman nan lavi sivik ak

ekonomik Eta New York la atravè yon rezo ki gen 27 sant ki baze nan kominote atravè tout eta yo ki ofri kou anglè, enstriksyon sivik, gid sou kijan pou kòmanse/devlope yon biznis, ak èd natiralizasyon. ONA gen yon liy asistans, yon sant enfòmasyon gratis, kote yo pale plizyè lang, ansanm ak yon sitwèb ki konsakre pou gide Nouvo Ameriken yo sou resous ki disponib yo. Nimewo liy asistans lan se 800-566-7636 (orè fonksyonman 9AM-8PM (ET), lendi a vandredi) epi sitwèb la se www.newamericans.ny.gov.

Depi lè Gouvènè a pran pouvwa, li te pran mezi agresif pou founi asistan bay kominote imigran yo. An 2011, li te siyen yon seri Dekrè Egzekitif agrand pòte pou asire aksè a lang atravè tout ajans eta yo, pou sispann patisipasyon Eta nan pwogram federal ki egzije fòs lapolis lokal yo pou yo ede idantifye moun yo ka depòte yo, siyen lejislasyon ki kenbe antite k ap eskwoke imigran yo responsab, epi etabli yon Biwo pou Nouvo Ameriken yo. Li te lanse "NaturalizeNY" (Natiralize New York) ki se tout premye patenarya piblik-prive pou ankouraje epi ede imigran ki kalifye nan Eta New York yo nan pwosesis pou yo vin sitwayen Ameriken. Kòm Pwokirè Jeneral, Gouvènè Cuomo te travay tou pou konbat fwòd imigrasyon, li te itilize lwa jeneral sou dwa sivil pou envestige avèk siksè ak pouswiv konpayi ki te eskwoke imigran yo. Li te egalman garanti jijman tribinal ak akò domaj ak enterè ki depase 23 milyon dola nan non popilasyon imigran eta a.

W ap ka wè dekrè egzekitif li siyen an [isit la](#), epi tèks dekrè a disponib pi ba la:

No. 170

DEKRÈ EGZEKITIF

POLITIK ETA A KONSÈNAN AKSÈ IMIGRAN YO GEN A SÈVIS ETA A YO

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York la rete fidèl a ideyal ki te fonde peyi sa a yo, epi nou pral kontinye akeyi imigran yo kòm yon sous enèji, epi selebre yo kòm yon sous revitalizasyon pou Eta nou an; epi

LÈ NOU KONSIDERE, rezidan Eta New York la yo reprezante youn nan kominote ki pi miltikiltirèl nan nasyon an, paske gen 4.3 milyon imigran k ap viv nan Eta a epi plis pase 20% moun nan popilasyon Eta a yo te fèt nan yon lòt peyi; epi

LÈ NOU KONSIDERE, imigran k ap viv nan Eta New York la yo se yon eleman esansyèl pou estrikti ekonomik Eta sa a, paske plis pase 29% nan tout pwopriyete biznis nan New York yo te fèt nan yon lòt peyi, biznis sa yo jenere anpil milyon dola nan revni bri ototal, epi ansanm pouvwa dacha kominote imigran yo depase 165 milya dola; epi

LÈ NOU KONSIDERE, kapasite pou imigran ki temwen ak viktim aktivite ilegal yo fè rapò sou aktivite ilegal yo enpòtan anpil pou ranfòse lyen ant imigran yo ak fòs lapolis yo, redwi krim, epi amelyore kapasite Eta a pou l pwoteje sekirite pou tou rezidan li yo; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Konstitisyon Eta New York la ak Lwa Dwa Imen Eta New York la (New York State Human Rights Law) yo pwoteje moun kont diskriminasyon sou baz

orijin nasyonal nan domèn edikasyon, asistans, anplwa, lojman, ak etablisman piblik la yo, epi Eta a pran angajman pou l fè respekte pwoteksyon sa yo nan tout limit lalwa pèmèt; epi

LÈ NOU KONSIDERE, gouvènman Eta a responsab pou l asire yo ofri tout sèvis nan yon fason ekitab, epi ki konfòm a lwa dwa sivil yo, pou tout moun ki elijib pou resevwa sèvis sa yo; epi

LÈ NOU KONSIDERE, aksè a sèvis Eta ofri yo enpòtan anpil pou vitalite ak byenèt kominote imigran yo epi pou yo ka kontinye entegre yo nan lavi ekonomik, sivil, ak kiltirèl Eta a; epi

LÈ NOU KONSIDERE, li nesèsè pou Eta bay kominote imigran yo sèvis pou satisfè bezwen popilasyon miltikiltirèl Eta a, pou mentni konfyans popilasyon an nan gouvènman ak ajans Eta a yo, epi pou rete konfòm a lwa dwa sivil Eta ak Federal yo; epi

ANKONSEKANS, Mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

A. Definisyon

1. “Antite Eta yo” vle di (i) tout ajans ak departman Gouvènè a gen otorite egzekitif sou yo, epi (ii) tout sosyete ki bay asistans piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon yo, sof pou Otorite Pò New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey).
2. “Alyen” vle di nenpòt moun ki pa yon sitwayen oswa nasyonal Etazini (moun ki pat fèt Ozetazini oswa ki pat natiralize Ameriken).
3. “Aktivite ilegal” vle di nenpòt aktivite ki pa legal yo konsidere kòm yon krim an vèti lwa Eta ak Federal la yo. Toutfwa, yo pap konsidere estati yon moun ki pa gen papye kòm yon aktivite ki pa legal.

B. Responsabilite pou Ajans ak Otorite yo Respekte Konfidansyalite Enfòmasyon Pèsonèl Moun yo

1. Okenn ofisye oswa anplwaye Eta a, sof ofisye fòs lapolis jan sa preskri nan B.3 infra, pa dwe kesyone sou estati imigrasyon yon moun sof si:
 - a. Estati moun sa a enpòtan pou detèmine si li elijib pou yon pwogram, asistans, oswa pou yo ka ofri l yon sèvis; oswa
 - b. Lalwa egzije ofisye oswa anplwaye Eta a yo pou yo kesyone sou estati moun sa a.
2. Okenn Ofisye oswa anplwaye Eta a, ki gen ladan ofisye fòs lapolis la yo, pa dwe diskite enfòmasyon ak otorite imigrasyon federal la yo nan objektif pou yo itilize enfòmasyon sa nan aplikasyon lwa imigrasyon sivil federal la yo, sof si lalwa preskri sa a. Malgre entèdiksyon sa a, Dekrè sa pa entèdi, oswa ni limite nan okenn ka, nenpòt anplwaye eta a pou yo voye, oswa resevwa enfòmasyon nan men otorite

imigrasyon federal yo, enfòmasyon konsènan sitwayènte oswa estati imigrasyon, legal oswa ilegal, sou nenpòt moun, jan lalwa preskri.

3. Okenn ofisye fòs lapolis pa dwe kesyone sou estati imigrasyon yon moun sof is l ap fè ankèt sou aktivite ilegal moun sa a, a kondisyon toutfwa kesyon sou estati sa a konsène aktivite ilegal y ap envestige a. Okenn bagay nan seksyon sa a pa dwe limite efò pou ofisye fòs lapolis yo chache dokiman idantifikasyon pou yo ka idantifye moun sa a apre yo fin arete l.

a. Entèdiksyon kont kesyonman sou estati sa a gen ladan, men pa sèlman, lè yon moun apwoche yon ofisye fòs lapolis pou l mande èd, epi moun sa se viktim yon krim, oswa li te temwen yon krim.

b. Ofisye fòs lapolis yo pa gen dwa itilize resous, ekipman oswa anplwaye yo nan objektif pou yo detekte ak kenbe nenpòt moun yo sispèk oswa ki an fwit sèlman pou vyolasyon yon enfraksyon imigrasyon sivil. Ofisye fòs lapolis yo pa gen otorite pou yo pran okenn mezi polisyè sèlman paske moun lan se yon alyen san papye. Sa gen ladan idantifye, kesyone, arete, oswa mande pou yo enspekte dokiman imigrasyon federal moun lan.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany, kenzyèm jou mwa Septanm nan ane de mil disèt la.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418